



Avi pou Reyinyon Sesyon Kontribisyon Piblik

LOKAL AK LÈ:

Madi 9 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

New York Law School
185 West Broadway
New York, NY 10013

Mèkredi 10 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

Fordham University
McShane Campus Center
441 East Fordham Road
Bronx, NY 10458

Jedi 11 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

Brooklyn Law School
250 Joralemon Street
Brooklyn, NY 11201

Lendi 22 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

NYC Department of Design and Construction
Sal Multipurpose 1ye Etaj
30-30 Thomson Avenue (Antre sou 30th Place)
Queens, NY 11101

Madi 23 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

Staten Island University Hospital North
(Antre pa Sant Edikasyon Dr. Regina McGinn)
475 Seaview Avenue
Staten Island, NY 10305

LOKAL VITYÈL: Men lyen pou reyinyon Zoom ki afiche nan www.nyc.gov/charter.

AVI POU SESYON KONTRIBISYON PIBLIK

Komisyon Efikasite Gouvènman Vil New York la ("COGE") ap òganize Sesyon Kontribisyon Piblik nan tout senk awondisman yo pou diskite chanjman nan Konstitisyon Vil New York la. COGE gen pouvwa pou konsidere revizyon gen otorite pou li konsidere revizyon nan Konstitisyon an pou prezantasyon yo bay elektè yo nan eleksyon jeneral 3 novanm 2026 oswa nan yon lòt dat eleksyon ki chwazi dapre lalwa.

Ki Objektif Sesyon Kontribisyon Piblik sa a?

Se Konstitisyon an ki bay estrikti gouvènman Vil la epi li etabli pouvwa prensipal fonksyonèli ak ajans Vil la yo. Apre li egzamene tout Konstitisyon an, COGE kapab rekòmande chanjman ki pral pèmèt gouvènman Vil la travay ak plis efikasite epi sèvi tout Nouyòkè pi byen.

Envitasyon an se pou piblik la vin tandè ekspè, temwaye sou nenpòt pwen ki enpòtan pou gouvènman Vil la, epi sijere chanjman nan Konstitisyon an. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Komisyon Efikasite Gouvènman Vil New York la, vizite nou sou sitwèb nou an: www.nyc.gov/charter.

Kiyès ki ka pote yon kontribisyon?

Reyinyon sa yo ouvri a piblik la, epi piblik la ap gen opòtinite pou temwaye devan manm COGE yo. Tout moun nan piblik la gen jiska twa (3) minit pou temwaye sou lide yo genyen pou amelyore Konstitisyon Vil la. COGE ap tandè temwayaj moun ki patisipe nan reyinyon an an pèsòn ak moun ki patisipe sou Zoom. COGE ap pran temwayaj nan men moun ki prezante an pèsòn yo anvan li tandè temwayaj patisipan sou Zoom yo. Tout gwoup, òganizasyon oswa enstitisyon ki vle temwaye ta dwe dezinye yon sèl reprezantan pou pale pou yo. Nouyòkè ki soti nan nenpòt nan senk awondisman yo kapab temwaye. COGE ap fè tout posib li pou pèmèt tout moun ki enskri pou yo pale nan odyans sa a pale, men si pa gen ase tan pou tandè tout temwayaj yo, yo ankouraje piblik la pou yo itilize lòt opòtinite pou temwaye tankou temwaye nan yon lòt sesyon piblik COGE oswa soumèt temwayaj alekri nan CharterTestimony@citycharter.nyc.gov.

Kòman pou m soumèt temwayaj mwen alekri?

Piblik la ka soumèt temwayaj alekri sou <https://tinyurl.com/COGE2026comments> olye de yon temwayaj an dirèk nan yon odyans oswa anplis de sa.

Kilè epi ki kote odyans yo ap fèt?

Pòt yo louvri pou piblik la, epi tout Sesyon Kontribisyon yo ap aksesib sou lyen Zoom k ap afiche sou www.nyc.gov/charter, nan dat, lè, ak lokal sa yo:

Madi 9 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

New York Law School
185 West Broadway
New York, NY 10013

Mèkredi 10 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

Fordham University
McShane Campus Center
441 East Fordham Road
Bronx, NY 10458

Jedi 11 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

Brooklyn Law School
250 Joralemon Street
Brooklyn, NY 11201

Lendi 22 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

NYC Department of Design and Construction
Sal Multipurpose 1ye Etaj
30-30 Thomson Avenue (Antre sou 30th Place)
Queens, NY 11101

Madi 23 Jen 2026, 5:00 pm – 8:00 pm

Staten Island University Hospital North
(Antre pa Sant Edikasyon Dr. Regina McGinn)
475 Seaview Avenue
Staten Island, NY 10305

Piblik la ka patisipe nan reyinyon an sou lyen Zoom k ap afiche sou www.nyc.gov/charter nan menm lè a.

Kisa pou mwen fè si mwen bezwen èd pou m obsève oswa temwaye nan reyinyon an?

Entèpretasyon nan lang siy ameriken ak panyòl sou entènèt la ak sou plas deja asire. Tanpri fè demann entèpretasyon lang ak/oswa lòt demann pou aksè pou pita 48 èdtan anvan kòmansman reyinyon ou prevwa patisipe a, voye yon imèl nan CharterInfo@citycharter.nyc.gov oswa rele 212-788-0014 epi kite yon mesaj vokal. N ap fè tout sa ki posib pou akomode tout demann yo.